



NATIONWIDE CHILDREN'S®
When your child needs a hospital, everything matters.

Helping Hand™

Health Education for Patients and Families

Maladi Drepanositoz ak Doulè Sickle Cell Disease and Pain (Haitian Creole)

Doulè se yon pwoblèm komen pou timoun ki gen maladi Drepanositoz (SCD). Selil ki malad yo gen difikilte pou deplase nan ti veso sangen yo. Yo ka akimile epi bloke veso sangen yo, sa ap anpeche oksijèn rive nan sèten pati nan kò a (Foto 1). Sa lakòz doulè.

Siy ak Sentòm


Doulè ak sentòm drepanositoz yo diferan pou chak timoun. Pitit ou a ta kapab rekonèt pwòp doulè selil falsifòm li yo. Sa a ka diferan de lòt kalite doulè pitit ou an konn genyen. Sentòm posib nan yon epizòd doulè maladi drepanositoz se:

- Gen yon bagay kap fèl mal
- Chanjman konpòtman
- Chanjman apeti
- Li pa sèvi ak janm, bra, oswa pati nan kò kap fèl mal lan
- Rechiya epi difisil pou konsole
- Anfle, youn oswa kèk zòn nan kò a kap fèl mal
- Mwens aktif ke dabitid, pa vle jwe

Kisa pou w fè lakay ou

Ou ka jere pifò doulè lakay ou lèw suiv enstriksyon ki nan seksyon jòn Plan Aksyon Sickle Cell la. **Pa janm sèvi ak glas pou trete doulè. Sa ap fè doulè a vin pi mal.** Ou ka ede soulaje doulè pitit ou an konsa:

- Aplike yon sèvyèt cho, imid oswa yon kousen chofaj sou zòn ki gen doulè a.



Sous imaj: Enstiti Nasyonal Rechèch sou Jenom Imen (National Human Genome Research Institute)

Foto 1 Fòm selil falsifòm yo bloke sikilasyon san an.

- Fè yo bwè likid tankou dlo ak ji. Kantite yo endike nan Plan Aksyon Sickie Cell ou an.
- Fè masaj nan zòn ki gen doulè a.
- Pran plis repo, ale dòmi bonè oswa pran yon ti syès.
- Konsantre sou lòt bagay pase doulè a, tankou jwèt videyo, mizik, oswa yon pwogram televizyon. Ou kapab tou fè egzèsis respirasyon pwofon ak pitit ou a pou ede li detann.
- Bay medikaman pou doulè jan doktè yo oswa founisè swen sante yo endike. Pran tanperati pitit ou an anvan ou bay medikaman pou doulè pou asirew ke li pa gen lafyèv.

Nenpòt ki lè pitit ou a rete lakay san li pa al lekòl poutèt doulè, tanpri rele enfimye drepanositoz yo. Y ap note sa nan dosye pitit ou a. Si pitit ou a bezwen manke lekòl oswa ou bezwen manke travay, enfimye yo ka ba ou yon pèmasyon pou lekòl oswa travay.

Kijan pou evite doulè

Gen kèk abitud kotidyen ak medikaman ki ka ede anpeche oswa diminye doulè nan selil falsifòm.

- Dòmi ase
- Manje yon rejim alimantè ki sen
- Bwè ase dlo
- Swiv seksyon vèt ki nan Plan Aksyon drepanositoz ou a
- Aktivite fizik chak jou
- Sipò sikososal
- Pran medikaman yo preskri yo. Sa yo ka gen ladan hydroxyurea, Endari[®], voxelotor (Oxybryta[®]), oswa crizanlizumab (Adakveo[®])

Kèk pasyan SCD ka benefisye de lòt tretman tankou transfizyon san oswa klinik doulè.

Kilè pouw rele doktè a

Rele ekip drepanositoz la si w konnen pitit ou a bezwen yon konsiltasyon. Sa a prepare doktè yo ak founisè swen sante yo pou yo ka pi byen pran swen pitit ou a. Rele doktè a oswa founisè swen sante a si pitit ou a gen nenpòt nan bagay sa yo:

- Doulè ki twò entans pou jere lakay ou
- Kou rèd, gwo maltèt, oswa vètij
- Li refize manje, bwè, oswa pran medikaman
- Doulè ki pa ale apre 2 jou tretman lakay ou
- Doulè nan pwatrin oswa nan do ak yon tous konstan oswa pwoblèm pou respire
- Gwo doulè nan vant oswa anfle ak po pal oswa gen plis dòmi ke dabitid

Si pitit ou a vin malad, rele enfimye drépanocytose yo nan (614) 722-8914 lendi jiska vandredi soti 8 a.m. rive 4:30 p.m. Si yo pa disponib, rele Klinik Sickie Cell (Anemi Falsifòm) la nan (614) 722-3250. Pou aswè, wikenn, ak jou ferye, rele nan (614) 722-2000. A mande pou ematològ ki degad la.

Kilè pou rele 911

Rele 911 pou èd ijans si pitit ou a:

- Ap respire dousman oswa sispann respire
- Li pa reponn oubyen li pa ka pale avèk ou.
- Pa ka reveye apre yon siès
- Gen feblès toudenkou, pèt sansasyon, oswa li pa ka bouje yon pati nan kò a.